



Mesaj Majistra de Blasio ak Prezidan Konsèy Minisipal Mark-Viverito pou Imigran nan Nouyòk

« Nan moman ensèten sa yo, fòk nou pa bliye kiyès nou ye antanke yon vil, epi fòk nou kenbe djanm ak valè nou yo. Se travay di, respè ak inite nan move tan ki defini nou antanke Nouyòkè e sa pap chanje, kèlkeswa moun ki prezidan. Angajman nou pou n' kanpe ak kominote imigran nou yo ak pou n' pwoteje yo pi djanm pase anvan. Kòm dabitid, Vil New York pare pou l' defann ak pwoteje frè ak sè imigran nou yo. Nou pa janm vire do bawou. »

Gid resous sa a sèvi kòm yon plan daksè rapid ak fasil nan sèvis Minisipal ki genyen pou kounyea pou tout Nouyòkè.

Resous pou Imigran nan Vil Nouyòk

Vil Nouyòk kore tout rezidan li yo. Tout moun, san bliye imigran san papyè, ap jwenn pi fò sèvis Minisipal yo, tankou ale lekòl oswa itilize sistèm swen sante a oswa lòt sèvis. Anplwaye minisipal pap poze kesyon sou sityasyon imigrasyon amwenske sa ta nesèsè pou yo fè travay yo. Yo dwe kenbe enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon sekre.

IDNYC

- IDNYC se kat didantite Vil la pou tout Nouyòkè. IDNYC pa kolekte enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon, epi nou kenbe enfòmasyon sou moun ki mande kat yo sekre. Vil la ap pwoteje enfòmasyon IDNYC nan tout mezi lalwa pèmèt sa.

Edikasyon

- Timoun katran oswa ki pral gen 4 lane kalifye pou Pre-K. Tout rezidan nan vil la gen dwa pou yo ale lekòl piblik soti senkanrive jjs nan gradyasyon oswa jiskask lane lekòl la fini lè yo gen venteyennan. Gen kou pou moun kap aprann angle.

Swen Sante

- W' ap jwenn swen sante bon mache nan sityasyon ijan ak sak pa ijan pou tout moun nan lopital ak klinik piblik ak nan lòt klinik ki pa chè.
- NYC Well se yon swen sante mantal koneksyon sekre, nan plis pase 200 lang, nan nenpòt lè nan jounen an. Rele 1-888-NYC-Well, tèks WELL nan 65173, oswa ale nan nyc.gov/nycwell

Swen Timoun

- Fanmi ti mwayen ki gen timoun 6 semèn rive douzan ka resevwa swen gratis oswa bon mache pou timoun.

Manje akabri nan sityasyon ijan

- Gen kote atravè NYC kap founi manje gratis pou moun ki nan nesèsite.
- Pwogram Homepage (pou founi lojman) la kapab ede rezidan nan vil la pou yo pa rantre nan sistèm refij la.

Sekirite Piblik

- Vil la pa responsab aplikasyon lwa sou imigrasyon. NYPD pa poze kesyon sou sityasyon imigrasyon viktim krim, temwen oswa lòt moun ki mande èd.
- Yon moun ki viktim krim gwo rayisman, oswa ki pa byensi, dwe kontakte NYPD (lapolis NY). Pou kontakte NYPD Hate Crimes Task Force (Gwoup Moun nan NYPD kap Travay sou Krim Gwo Rayisman) dirèkteman, rele (646) 610-5267.

Asistans jiridik nan zafè imigrasyon

- W' ap jwenn nan Action NYC asistans jiridik gratis nan sekirite. Rele liy asistans ActionNYC a nan 1-800-354-0365 pandan lè travay lendi rive vandredi.
- Fè atansyon ak founisè sèvis imigrasyon ki pa gen otorizasyon fonksyonman kap pran avantaj sou kliyan yo. Chèche èd pito nan men yon avoka moun fè konfyans, ki lisansye oswa yon moun lalwa rekonèt. Pou poze kesyon sou sa, rele New Americans Hotline (Liy Asistans pou Nouvo Ameriken) nan 1-800-566-7636 ant 9AM ak 8PM lendi rive vandredi.

Pwoteksyon kont diskriminasyon

- Se dwa Nouyòkè pou yo pa sibi ankenn diskriminasyon ilegal, revanch oswa asèlman ni nan travay yo, lakay yo ak nan kote piblik.
- Pou w fè yon plent oswa pou w gen plis enfòmasyon, rele 311 oswa rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan (718) 722-3131.

Eske ou gen kesyon oswa enkyetid?

Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou resous sa yo, oswa rele Biwo Zafè Imigran Majistra a dirèkteman pandan lè travay nan (212) 788-7654. W ap jwenn sèvis entèprèt.